



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK DOH LA POU ANKETE POTANSYÈL EKSPOZISYON AK COVID-19 NAN SÈVIS RELIJE YO NAN KONTE ESSEX**

***Eta New York ak Konte Essex ap ofri tès gratis soti 4 rive 7 PM jodi a nan Lekòl elemantè ak primè Ticonderoga***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay enstriksyon ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a pou ankete sou rapò konsènan potansyèl ekspozisyon ak COVID-19 ki asosye ak sèvis relijye yo te òganize 21 jen an a 9 AM nan Legliz Katolik St. Mary a nan Ticonderoga, Konte Essex. Pandan sèlman yo konnen yon moun nan asanble a ki te teste pozitif nan moman sa a, lè nou konsidere jan viris sa a kapab pwopaje rapidman nan gwo rasanbleman yo, Eta a ap pran mezi pwoaktif pou pwoteje kominote a ak ankouraje nenpòt moun ki te patisipe nan sèvis la pou yo teste pou COVID-19.

"Yon ankèt inisyal te jwenn ke yon moun ki te prezan nan sèvis la te teste pozitif pou COVID-19 apre ekspozisyon ak yon moun ki te kontrakte viris la nan Florida", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Moun ki soti nan Konte Essex la respekte mezi pou mete tèt li nan izòlman yo, epi pa gen okenn ekspozisyon anplis yo konnen ki an rapò ak sèvis relijye sa a."

"DOH Eta ak Depatman Sante Konte Essex la ap travay avèk ofisyèl St. Mary yo pou idantifye tout moun ki te patisipe nan sèvis la yo ak nenpòt lòt rasanbleman apre sa yo kote yo gendwa te ekspoze", **Gouvènè Cuomo te kontinye.** "Pwogram Retrased Kontak Eta New York (New York State Contact Tracing Program) la pral pran kontak ak moun yo idantifye yo. Mwen ap ankouraje nenpòt moun ki te patisipe nan sèvis la pou fè yon tès COVID-19 dekwa pou nou kapab retrase ak izole sila yo ki enfekte epi ralanti nenpòt pwopagasyon anplis viris la."

DOH Eta a ak Konte a te fè aranjman pou yo te fè tès yo jodi a, 30 jen 2020 an, nan Ticonderoga Elementary/Middle School (Lekòl Elemantè/Primè Ticonderoga), 116 Alexandria Avenue, Ticonderoga, NY 12883 soti 4 PM rive 7 PM.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)